



## Ibibazo n'inyishu (Kukuntu ibintu bihinduka)

Ikibazo: Mbega muri Afrika ibintu vyifashe gute?

Inyishu: Naho ibiharuro bikiri hejuru cane, twovugako abandura muri Afrika babaye benshi cane mummyaka ya 1990. Ibi bisigurako mu bihugu bitari bike ibiharuro vy'abandura bitongerekana mbere hamwehamwe vyaragabanutse; twovuga nko muri Kenya na Zimbabwe. Ariko, ukutongerekana kw'abandura ntibisigura yuko umugera wa sida uriko urazimangana kwisi; muvuyukuri bisigurako igitigiri c'abantu bandura kingana n'igitigiri c'abantu bitaba imana kubera Sida.

Ikibazo: Mubindi bihugu hoho bimeze gute?

Inyishu: Hariho ahantu haraje ishingira cane muri iki gihe, aho usanga ibitigiri vy'abandura biguma vyongerekana. Utwo turere tubiri ni mu bihugu vyo mubuseruko bwa Buraya be n'aho bita "Inyabutatu y'inzahabu" ('Golden Triangle') mubumanuko bushira ubuseruko bw'umugabane wa Aziya. Naho ibihugu bimwebimwe bifise ibitigiri bitobito vy'abanduye, ntagihugu nakimwe co kwisi batanzemwo uwo mugera wa Sida. Ariko rero ibi ntibisigura yuko ibihugu bimwebimwe "vyatujije" umugera wa Sida; ibihugu bimwebimwe nka Senegal, Thailand, na Brezil biriko biragerageza n'inguvu zose ngo ico kiza kireke kugwirirana kandi biragerageza kugabanya ibitigiri vy'abandura.

Ikibazo: Mbega ivy'imiti vyo bigeze he?

Inyishu: Gushika ubu, nta muti eka nta n'urucanco kumugera wa Sida. Ubushakashatsi burabandanya. Ubu hariho incanco ziriko zirageragezwa. Izageragejwe muri kahise, ntakintu kinini cavuyemwo, kandi naho ivyo bariko baragerageza ubu zogira ico zivuyemwo c'ingira kamaro, hohera imyaka itari mike kugira batangure kuzikoresha. Inyigisho, ugukinga, ukuvura be no kwitaho abanduye bizoguma ari ishingiro kuri abo bese bariko bagerageza guhindura ico kiza c'umugera wa Sida.

Ikibazo: Ibindi vyo vyifashe gute?

Inyishu: Hariho amavuta bita "gel microbicide" ariko arakorwa, ayo mavuta bayashize mugihimba c'irondoka c'umugore bizotuma atandura canke ngo yanduze umugera wa sida. Ivyigwa be n'ubushakashatsi biriko biragirwa kuri ayo mavuta kandi hari icizere kinini ko bashobora gutangura kuyakoresha mummyaka mikeya ikurikira. Iciza gikuru kumavuta nk'ayo nuko atuma umukenyezi ariwe afata ingingo muvuyo kwikingira, mugihe uburyo bwo kwikingira bwari buhasanzwe bukoresha udukingirizo ahanini vyava kugushaka k'umugabo.

Ikibazo: Mbega nibande bariko barafasha ngo ivyo vyose biboneke?

Inyishu: Ikigega c'isi yose cishinze kurwanya Malaria, Igituntu, be n'umugera wa Sida nico catanze uburyo, eka mbere n'amashirahamwe

y'abikorera utwabo nk'ishirahamwe bita Fondation Bill Gates na Melinda Gates. Ibigereranyo be n'igwirirana ry'abandura birerekana ko izi nguvu ziriko zirakoreshwa muri kino gihe zidahagije. Ubushakashatsi, ugukinga, ukuvura, ukwitaho no gushigikira abanduye vyose ningirakamaro kandi isi ibwirizwa kugerageza gushikira ibisabwa vyose kugirango ikiza c'umugera wa Sida gituzwe kuburyo abandura be n'abahitanwa n'umugera wa sida bagabanuka bimwe bihagije.